



Alèt pou Kominote a: Arestasyon Imigrasyon nan Epot

18 Desanm 2025

Nou tout ta dwe gen dwa vwayaje pou vizite moun pa nou et visite nouvo kote. Men kounye a, Depatman Sekirite Enteryè (DHS) ap kouri deye imigran yo nan yon nouvo fason ki tres danjere. Vwayaj nan ayewopò Etazini ka gen gwo risk, menm si ou gen yon estati imigrasyon legal ki aktif, oswa ou te vwayaje san pwoblèm nan tan lontan. Konye a, se pou sa li pi enpòtan pou konnen dwa ou ak kijan pou prepare w pou nenpot risk pandan w ap vwayaje.

Resous sa ba ou konsèy sou jan ou ka vwayaje en sekurite ak lòt enfòmasyon pou ede w konprann risk yo epi jan pou prepare tèt ou ak fanmi ou.

Avètisman: Resous sa bay enfòmasyon jeneral. Se pa konsèy legal ki espesifik pou sitiyasyon w. Nou rekòmande pou manm kominote a pran prekosyon epi pale ak yon avoka imigrasyon konsènan ka pa yo.

Kisa k ap Pase

Administrasyon Sekirite Transpò (TSA), yon ajans gouvènman ki an chaj sekirite nan ayewopò yo, ap bay Enfòmasyon Imigrasyon ak Ladwàn (ICE) enfòmasyon sou tout pasaje ki vwayaje nan ayewopò yo. Sa vle di moun ki pa gen estati imigrasyon legal oswa moun ki gen yon estati ki pa sèten an danje. Ak enfòmasyon sa, ICE ka arete w oswa depòte w lè w ap pase nan nenpot kontwòl sekirite ayewopò Etazini.

Kòman sa fèt? Plizyè fwa pa semèn, [TSA voye yon lis moun](#) k ap vwayaje nan ayewopò Etazini bay ICE. Lis sa genyen [non, foto, ak lòt detay](#) tout pasaje yo. ICE konpare lis la ak pwòp dosye pa li. Si ICE jwenn yon moun li vle kenbe, li ka voye ajan nan ayewopò an pou arete moun nan.

Èske enfòmasyon prive mwen pwoteje? Nòmalman, ajans gouvènman gen [règ konsènan jan yo pataje enfòmasyon prive](#) ke yo dwe swiv. Men TSA ak ICE toulede fe pati DHS, ki vle di règ sa yo pa konte pou yo. Se poutet sa yo ka pataje enfòmasyon w ant yo.

Èske ICE deja ap arete moun nan ayewopò yo? Wi. Jounal New York Times te [rapòte](#) 12 desanm 2025, ke TSA deja konmanse pataje enfòmasyon pasaje ayewopò yo ak ICE. Anvan sa, te deja genyen rapò sou arestasyon ke ICE fe nan plikzye ayewopò nan peyi a. Pa egzanp, 20 novanm, ICE te arete yon etidyan inivèsite, [Ana Luccía López Belloza](#), nan ayewopò Logan nan Boston pandan li t ap tann pou l monte nan yon avyon pou l al vizite fanmi li pou fèt Thanksgiving. Li te genyen yon ansyen lòd depòtasyon ke li pa t konnen.

Kiyès ki an danje pou ICE arete yo nan ayewopò Etazini?

Si ou pa gen papyè oswa ou gen yon estati imigrasyon tanporè, gen yon bon chans ICE ka arete w nan yon ayewopò Etazini. Moun ki gen lòd depòtasyon gen pi gwo risk. Tout moun ki pa sitwayen gen yon sèten risk, espesyalman moun ki gen yon estati ki pa fin klè oswa ki gen youn nan faktè yo ke nou dekri nan resous sa. Men plis enfòmasyon pou ede w konprann si w an danje:

- **Ansye lòd depòtasyon:** Si w gen yon ansye lòd depòtasyon nan dosye w, ou gen yon bon chans ke ICE ka arete w, menm si w pa t konnen ou te gen lòd depòtasyon an oswa lòd la se depi lè w te timoun. Menm si lod depòtasyon an soti nan yon pwosesis depòtasyon rapid, gen yon chans ke ICE ka arete w.
 - o Kòman ou ka verifye si ou gen yon lòd depòtasyon? Si gouvènman an te janm ba ou yon papyè ki gen yon nimewo "anrejistremant etranje" (nimewo A), ou ka verifye sou entènèt la lè w itilize [sitwèb](#) Biwo Egzekitif pou Revizyon Imigrasyon (EOIR) la oswa lè w rele liy dirèk sa a: 1-800-898-7180.

Estat legal ke gouvènman an revoke (oswa pral revoke byento): Ou ka an danje pou yo arete w si w te gen yon estati legal tanporè, men gouvènman an te kanpe estati a, sa enkli Estati Pwoteksyon Tanporè (TPS). Moun ki te antre Etazini sou paròl, men estati paròl la ekspire oswa gouvènman kanpe pwogram paròl la, an danje pou ICE arete yo tou. Egzanp ki pi komen se moun ki te antre nan pwosesis imanite Kiben, Ayisyen, Nikaragwayen, ak Venezyelyen (CHNV), Uniting for Ukraine (U4U), ak CBP One. Gouvènman an te anonse tou dènyèmman ke l ap [kanpe plizyè pwogram paròl reyinifikasyon fanmi](#) pou moun ki soti Kolonbi, Kiba, Ekwatè, El Salvador, Gwatemala, Ayiti, ak Ondiras pa 14 janvye 2026.

- **Aplikasyon ki an kour:** ICE ap kenbe moun menm si yo te soumèt yon aplikasyon pou estati imigrasyon. Sa vle di ou ka an danje pou yo arete w nan yon ayewopò menm si ou te aplike pou azil, yon kat rezidans, oswa yon lòt kalite pwoteksyon pèmanan. Menm aplikasyon pou chanje oswa pwolonje estati w pandan w Etazini pa proteje w.
- **Nenpòt dosye kriminel:** Si ou pa sitwayen ameriken epi ou te gen nenpòt arestasyon kriminel (menm si yo te femen dosye a), ofisye imigrasyon yo ka eseye arete ou.
 - o Lalwa imigrasyon konsidere tout "konviksyon" menm si yo te di w dosye w la te femen oswa yo te retire plede koupabilite w la. Nou konseye ou pale avek yon avoka imigrasyon ki gen eksperyans nan ka depòtasyon ki ka byen revize dosye w la pou asire w.



- **Moun ki gen rezidans:** Ofisye imigrasyon yo ka toujou arete moun ki gen kat rezidans si yo gen sèten kondanasyon kriminel (menm si se pou ti krim). Tanpri, [revize resous nou an sou sijè sa a](#) pou evalye ki risk ou genyen.
- **Moun ki gen DACA ak lòt moun ki gen Aksyon Deferi:** ICE gentan arete plizyè moun ki gen estati Aksyon Deferi pou Sèten Arive Lè Timoun (DACA). Vwayaj nan yon ayewopò ka danjere, menm si ou gen DACA oswa yon lòt fòm Aksyon Deferi. Pou enfòmasyon ki pi resan sou DACA, tanpri revize [resous Home is Here](#) sa a.

Konsèy pou Vwayaje an Sekurite

- **Konnen dwa w nan ayewopò a.**
 - o Pare w pou yo fè w pase nan plis kontwòl oswa poze w plis kesyon, swa se TSA, Sèvis Ladwàn ak Pwoteksyon Fwontyè (CBP), oswa lòt ajan imigrasyon.
 - o ACLU gen [yon resous ki dekri sa ki ka rive](#) nan ayewopò an epi ki esplike dwa w si imigrasyon poze w kesyon. Just Futures Law gen yon resous avek [plis konsèy ak sijesyon](#).
- **Pote kopi dokiman enpòtan ou, tankou:**
 - o Pwèb estati legal oswa nenpòt aplikasyon ou gen ki an kour
 - o Kopi sètifye lòd tribinal kriminel, si dosye w la te fèmen.
- **Sekirize aparèy ou yo (telefòn, òdinatè pòtab, elatriye).**
 - o Si w ap vwayaje ak yon telefòn selilè oswa yon lòt aparèy, pran prekosyon pou pwoteje enfòmasyon ou nan ka ke imigrasyon fouye telefon nan. Pa egzanp, nou rekòmande pou w enprime tikè w la pou w pa bezwen ouvri telefòn ou lè w ap monte nan avyon an. Epi, ou ta dwe dekonekte tout imel ou yo tou.
 - o Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou sa a nan men [Freedom of the Press Foundation](#) ak [Just Futures Law](#).
- **Fè yon plan sekurite – nan ka ke.**
 - o Memorize nimewo telefòn yon avoka ak yon moun nan fanmi ou ki ka disponib le ou rele li, si w bezwen èd.
 - o Si yo arete w epi yo kenbe w, ICE pap pataje enfòmasyon sou ka w la ak pèsonn sof si ou siyen [fòmilè renonsyasyon konfidansyalite espesifik sa a](#). Konsidere siyen youn (oswa plizyè) nan fòmilè sa yo epi kite yo ak yon moun ou fe konfyans pou si yo kenbe w.
- **Konsiderasyon espesyal pou paran yo:**
 - o ICE gen yon reg ki di ke [paran ki nan detansyon gen dwa pran desizyon sou sa k ap pase ak pitit yo](#). Sepandan, ICE pa toujou swiv pwòp reg li yo.

- Youn nan fason pou pwoteje pitit ou se pou mete yon gadyen tanporè ke ou fè konfyans oswa yon zanmi ki ka pran swen pitit ou yo si yo kenbe ou. Resous sa a ki soti nan Children Thrive Action Network gen enfòmasyon itil sou sa a: "[Rete Entak: Yon Lèt Lanmou pou Paran Imigran.](#)"

Pou plis enfòmasyon, tanpri [vizite sitwèb nou an.](#)